
# Bhaibheri re vana

Rikukupai

# Jesu Mudzidzisi Mukuru




Rakanyorwa ndiani: Edward Hughes
Rakafanidzirwa ne: Byron Unger; Lazarus
Rakatorwa na: E. Frischbutter; Sarah S.
Rwakashandurwa na: Tendai Mugova
Alastair Paterson
Rakabudiswa na: Bible for Children
www.M1914.org

BFC
PO Box 3
Winnipeg, MB R3C 2G1
Canada

©2020 Bible for Children, Inc.
Mitero: Une mvumo yekutora nyaya iyi kana
usinganotengesi chete.




Jesu akanga ari mudzidzisi mukuru. Vanhu vazhinji vakamuteerera. Jesu akadzidzisa kuti vanhu vanofanira kuva netsitsi, uye vanofanira kuitira vamwe zvakanaka.



Jesu akadzidzisa zvakawanda. Akadzidzisa kuti vanhu vaMwari vanoisa chiedza panzvimbo sezvinoita rambi kana raiswa munzvimbo ine rima!

Jesu akanga achitaura nevanhu vakanga vachitenda tsika yokutsiva vamwe.  Asi Jesu akadzidzisa ruregerero, uye kuda vanhu vose, kunyangwe vanotiitira zvakashata.





Vamwe vanhu vakanyepera kuva vakarurama. Mushure mokunge vabatsira varombo, vakanga vachida kuti munhu wose azive zvavakanga vaita. Jesu akati, "Kana muchipa, itai makavanzika kuti baba venyu vari kudenga vazokuropafadzai."

Jesu akadzidzisa zvimwechete pamusoro pekunamata. Vamwe vanhu vainamata pakati peguta pakanga pakazara vanhu. Vakanga vasina hanya naMwari asi vakanga vaine basa nokuti vanhu vaifungei pamusoro pavo. Jesu akavati vanhu vakanga vasina kururama.



Rimwe zuva Jesu akadzidzisa achiti, “Baba venyu varikudenga vanopa shiri zvokudya. Imi regai kunetsekana. Mwari vanokupai zvokudya.”



Jesu akati, "Kunyangwe mutangamiri Soromoni akanga asina kupfeka zvakanaka semaruva ari panze. Kana Mwari vachipa maruva zvokupfeka, vangatadza here kupa imi zvokupfeka?" Jesu akanga achidzidzisa vanhu kuti vatende kuna Mwari uyo anotipa zvose zvatinoda.



Jesu akati, "Kana ukaona kutadza kweumwe munhu, zvakafanana nokuedza kubvisa kamuti muziso reumwe iwe uine danda muziso rako." Zvichida vanhu vakaseka, asi vakafanira kufunga kuti Jesu akanga achirevei.





Jesu akataurira vanhu kuti vakumbire Mwari rubatsiro. Baba vako vanokupa here dombo kana ukakumbira chingwa? Kwete! Vanopa zvipo zvakanaka. Kana Mwari anopa zvipo zvakanaka kune vose vanokumbira.


Jesu, mudzidzisi mukuru akarayira nokuda kwevadzidzisi venhema. Akati, "Vanouya vakapfeka nguwo dzinenge dzehwai, asi mukati makava!" Akati vadzidzisi venhema vanozivikanwa nokuda kwe hupenyu hwavo.



Jesu akataurira vanhu kuti kuteerera shoko raMwari kwakafanana nomunhu anovaka imba yake padombo. Mhepo yakasimba yakauya asi imba yakanga iri padombo haina kudonha.



Asi murume asina uchenjeri akavaka imba yake paivhu. Mhepo yakarova, imba iyi ichibvva yadonha nokuti yakanga isina kusimba. Jesu akati vanhu vasingatereri shoko raMwari vakaita seimba iyi.



Vanhu vakashamisika nemanzwi aJesu. Vakanga vasina kumbonzwa zvakadai. Vakaziva kuti zvakanga zvisina kunaka kungonzwa shoko, asi vaifanira kuita zvarinotaura.



Jesu Mudzidzisi Mukuru

Nyaya yeshoko raMwari, Bhaiberi

Inowanikwa mu

Mateo 5-7, Ruka 6

"Mazwi enyu anotipa kuchena."
Mapisarema 119:130

Magumo

42

60

Nyaya dze mu Bhaibheri dzinotiwudza zvekushamisa kwaMwari Musiki wedu uyo anoda kuti umuzive.

Mwari anoziva kuti tese takaita zvakaipa, izvo zvaanoti zvitema. Mubairo wechitema ndirwo rufu, asi Mwari anokuda kwazvo, akatuma mwana wake, Jesu, kukufira pamuchinjikwa uye akatambudziwa nemhaka yako. Jesu akafa akumuka, akadzokera kumusha kudenga! Kana uchitenda muna Jesu uye ukakumbira kuregererwa anokuregerera zvitema zvako, Anokuregerera! Achauya kuzogara mumoyo mako. Achagara mauri. newe ugogara maari mazuva namazuva.

Kana uchitenda kuti ichi ichokwadi, taura kuna Mwari uchiti Mudiwa Jesu, ndinotenda kuti ndimi Mwari, uye makauya semunhu panyika kuzofira zvitema zvangu, uye murikurarama. Huyai mumoyo mangu mundiregere zvitema zvangu, kuti ndive heupenyu hutsva, uye nerimwe zuva ndigogara nemi nekusingaperi. Ndibatsirei kuti ndikuteerereyi, ndirarame semwana wenyu. Ameni.

Verengayi Bhaibheri nekutaura ne Mwari mazuva ese. Johane 3:16